# SHAŃARAQTAǴI ZORLIQTIŃ JINAYIY-HUQIQIY SIPATLAMASI

**Begnazarova Kamila Maxmud qızı**
**Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq**
**mámleketlik universiteti magistrantı, Nókis, Ózbekstan.**

**ANNOTACIYA:** Bul teziste shańaraqlıq-turmıslıq zorlıq túsinigine házirgi jámiyettiń áhmiyetli sociallıq hám huqıqıy mashqalalarınan biri sıpatında qaralǵan. Bul qubılıstı anıqlawdaǵı tiykarǵı kózqaraslar, onıń mazmun-mánisi hám shańaraq tarawındaǵı kórinisleriniń ózine tán tárepleri analizlenedi. Shańaraqlıq-turmıslıq zorlıq belgileri, fizikalıq, psixologiyalıq, ekonomikalıq, jınısıy tásirler, olardıń óz-ara baylanıslılıǵı, shaxs hám jámiyet ushın aqıbetlerine ayrıqsha itibar qaratılǵan.

**Tayanısh sózler:** Jınayat-huqıqıy xarakteristikası, shańaraqtaǵı zorlıq, shaxsqa qarsı jınayatlar, fizikalıq zorlıq, psixologiyalıq zorlıq, jınayatlardıń klassifikaciyası, jinayat quramı, jábirleniwshi, insan huqıqların qorǵaw, jınayashılıqtıń latentligi, jınayat nızamshılıǵı.

Shańaraqtaǵı zorlıq degende zorlıq qollanıp shaxstıń ómiri, densawlıǵı, jınısıy erkinligi, múlki hám jeke ómirge qol qatılmaslıǵına qarsı islenetuǵın jınayat túsiniledi. Bul boyınsha K.Payzullaev «zorlıq isletiw arqalı islenetuǵın jınayatlar degende, zorlıq tek ǵana maqsetke erisiw quralı emes, al jınayat motivi de, elementi de bolatuǵın jınayıy qılmıslar túsiniledi»[1], dep atap ótedi.

Shańaraqtaǵı zorlıqtıń jınayıy-huqıqıy sıpatlaması usı túrdegi zorlıq yamasa shańaraq-turmıs sheńberinde islenetuǵın huqıqbuzarlıqlardıń jınayıy-huqıqıy jaqtan qanday kvalifikaciyalanıwına baylanıslı.

Bizge belgili, yuridikalıq juwapkershilik ishinde jınayıy juwapkershilik basqa juwapkershilik túrinen salıstırmalı awırlıǵı hám sudlanǵanlıq dárejesi menen parıq qıladı. Bul bolsa, shaxstıń jınayıy juwapkershilikke tartılıwı oǵan tásirsheń mámleketlik májbúrlew sharaları qollanılıwın talap etedi. Usı tárepten qaraǵanda shańaraqtaǵı zorlıq mayda turmıslıq kelispewshiliklerden baslap shańaraq-turmıs sheńberindegi hákimshilik huqıqbuzarlıq, hátteki jınayatqa da alıp keledi.

Zorlıq túsinigi menen baylanıslı jáne bir mashqala onıń qastan islengen hám abaysızlıq sebepli islengen qılmıslarǵa baylanıslılıǵı júzesinen ibarat. A.V.Naumov zorlıq túsinigin keń talqılaw tárepdarı sıpatında, zorlıq penen islenetuǵın jınayatlar qatarına abaysızlıqtan adam óltiriwdi de kirgizgen hám bul qatnastı tolıq qollap-quwatlaǵan[2].

Biraq, bul kózqaras K.Payzullaev tárepinen sınǵa alınıp, zorlıq penen islenetuǵın jınayatlar abaysızlıqtan emes, al qastan islenedi[3], degen pikirdi alǵa súredi. Sonday-aq, bul pikir L.Serdyuk tárepinen qollap-quwatlanadı, onıń pikirinshe ayıplawdıń abaysızlıq formasında islenetuǵın jınayatlar ushın zorlıq tán emes[4]. S.Niyozova[5] da sonday qatnastı maqullaydı.

---

[1] Пайзуллаев Қ.П. Зўрлик ишлатиб содир этиладиган жиноятлар. – Тошкент, 2009. – Б. 13.
[2] Наумов А.В. Уголовно-правовое значение насилия. / В кн. Насильственная преступность/ Под ред. Кудрявцева В.Н. и Наумов А.В. –М.: Бек, 1997.–С. 58
[3] Пайзуллаев Қ.П. Зўрлик ишлатиб содир этиладиган жиноятлар. –Т., 2009. –Б.18
[4] Сердюк Л.В. Насилие: криминологическое и уголовно-правовое исследование. - М., Юрлитинформ, 2002. - С.14.
[5] Ниёзова С.С. Шахсга карши зурлик ишлатиб содир этиладиган жиноятларнинг виктимологик назарияси: Монография. - Т.: ТДЮИ, 2011. - Б. 12.

Haqıyqatında da, bir shaxsqa kúsh kórsetip, oǵan kúsh kórsetilip atırǵanın bilmew múmkin emes. Shaxs, álbette, qılmısınıń jámiyetlik qáwiplilik xarakterın ańlaydı hám sonday qılmıstı islewdi qáleydi.

Joqarıda atap ótilgenindey, JKniń 98-statyasına muwapıq, jábirleniwshi tárepinen islengen nızamsız zorlıq yamasa awır aqıretlew, sonday-aq, onıń basqa nızamsız háreketleri sebepli tosattan júz bergen kúshli ruwxıy tolqınlanıw jaǵdayında qastan adam óltiriw jınayat dep bahalanadı.

A.Atajanovtıń atap ótiwinshe, Nızamsız zorlıq - urıw, tepkilew, denege zıyan jetkeriw, fizikalıq kúsh isletiw, namısqa tiyiw hám kúshli ruwxıy tolqınlanıw jaǵdayın keltirip shıǵarıwı múmkin bolǵan basqa usınday háreketlerde kóriniwi múmkin[6]. Sonday-aq, B.Tugelbaeva zorlıqtı nızamlı hám jınayıy túrlerge ajıratıwdı usınıs etken[7].

Bizińshe, zorlıq túsiniginiń jınayat-huqıqıy mánisi onıń nızamsız qılmıs ekenligin kórsetedi. Solay eken, zorlıq sózinen aldın onıń nızamǵa qayshı ekenligine itibar beriwdiń zárúrligi joq.

Óz náwbetinde, bul jaǵday nızamshılıq texnikası qaǵıydalarına qayshı keledi. Bul máselede JKniń 55-statyasında túrli sheshim berilgen. Yaǵnıy, bul statyada «jábirleniwshiniń zorlıq, awır aqıretlew yamasa basqa da nızamsız háreketleri sebepli kelip shıqqan kúshli ruwxıy tolqınıw jaǵdayında jınayat islew» jazanı jeńillestiriwshi jaǵday ekenligi atap ótilgen.

Shańaraqtaǵı jınayatlar degende shańaraqta onıń bir aǵzası basqa aǵzalarına qarsı islenetuǵın jınayatlar túsiniledi. Bunda erli-zayıplılar arasındaǵı qatnasıqlar yuridikalıq jaqtan nızamlastırılǵan yamasa nızamlastırılmaǵanlıǵı áhmiyetke iye emes.

Shańaraqta hár túrli (ǵárezlilik, jınısıy hám basqa) jınayatlar islenedi. Biraq olardıń arasında bir shańaraq aǵzası basqa shańaraq aǵzasına zorlıq penen isleytuǵın jınayatlar, sonıń ishinde perzent óltiriw hám balalarǵa qarsı basqa jınayatlar kópshilikti quraydı.

Shańaraqtaǵı jınayatlar negizinde, ádette, shańaraq aǵzaları arasındaǵı ishki jánjel yamasa shańaraq aǵzaları hám ol jasaytuǵın ortalıq arasındaǵı jánjel jatadı. Búgingi kúnde shańaraqtaǵı jınayatlar arasında hayalǵa (kúyewge) zorlıq penen islenetuǵin jınayatlar hám bala óltiriwshilik ásirese tolıq úyrenilgen.

Bizge belgili, jınayat nızamshılıǵımızǵa $126^{1}$-statyası menen Shańaraqlıq (turmıslıq) zorlıq jınayatı jańadan kiritildi. Joqarıda aytıp ótilgenindey, shańaraqtaǵı zorlıq bul jámiyetlik-huqıqıy túsinik hám de jámiyetlik-huqıqıy mashqala.

Shańaraqta kúsh kórsetiwshi shaxstıń is-háreketlerin jınayıy-huqıqıy jaqtan bahalaǵanda tiykarınan tómendegi jınayatlardan biri menen qılmıstı kvalifikaciyalaw múmkin: qastan awır (104-statya), ortasha awır (105-statya) yamasa jeńil (109-statya) dene jaraqatın jetkeriw, kúshli ruwxıy tolqınıw halatında qastan awır yamasa ortasha awır dene jaraqatın jetkeriw (106-statya), qıynaw (110-statya), óltiriw yamasa zorlıq islew menen qorqıtıw (112-statya), jınayıy túrde hámiledar qaldırıw (abort) (114-statya), hayaldı óz hámilesin jasalma túsirtiwge májbúrlew (115-statya), qáwip astında qaldırıw (117-statya), namısına tiyiw (118-statya), jınısıy talaptı zorlıq penen tábiyiy emes usılda qanaatlandırıw (119-statya), hayaldı jınısıy qatnasqa májbúrlew (121-statya), erjetpegen yamasa miynetke jaramsız shaxslardı, ata-ananı

---

[6] Жиноят ҳуқуқи. Махсус кисм: Дарслик. / Р.Кабулов, М.Рустамбаев, А.Отажонов ва бошкалар. / Масъул мухаррир: Ш.Икрамов. - Т.: Узбекистан Республикаси ИИВ Академияси, 2014. - Б. 50.

[7] Тугельбаева Б.Г. Проблемы предупреждения преступного насилия в отношении женщин: Монография. - Бишкек, 2003. - С. 19.

materiallıq támiyinlewden bas tartıw (122-123-statyalar), neke jası haqqındaǵı nızam hújjetlerin buzıw (125[1]-statya), tilenshilik (127[1]-statya), adam sawdası (135-statya), hayaldı turmısqa shıǵıwǵa májbúrlew yamasa onıń turmısqa shıǵıwına tosqınlıq etiw (136-statya) hám basqalar.

Izertlewshilerdiń atap ótiwinshe, qastan adam óltiriw jınayatı kópshilik jaǵdaylarda turmıslıq jánjeller nátiyjesinde kelip shıqpaqta hám de shańaraq sheńberinde júz bermekte[8]. Bul bolsa, shańaraqtaǵı zorlıq jınayatları sıpatında qastan adam óltiriw yaki kúshli ruwxıy sezim jaǵdayında qastan adam óltiriw jınayatların da itibarǵa alıwımız lazım.

Shańaraqtaǵı zorlıqta kórsetiletuǵın qılmıslar subyektiv tárepten ayıplawdıń tuwrı qastıyanlıq formasında ámelge asırılatuǵının atap ótiw kerek. Sonday-aq, onıń motivi qızǵanısh, ósh alıw, jınısıy ústinlikti kórsetiw sıyaqlı motivler menen júz beredi.

Shańaraqtaǵı zorlıq penen baylanıslı jınayatlardıń jámiyetlik qáwipliliginiń tiykarǵı ózgesheliklériniń biri bul túrdegi qılmıslar - qáwip obyektiniń jámiyettegi eń tiykarǵı institutlardan biri, shańaraqtıń turaqlılıǵı, bekkemligi, ondaǵı shańaraq aǵzalarınıń densawlıǵı, abırayı hám qádir-qımbatın qorǵawǵa qaratılǵan jámiyetlik qatnasıqlardan ibarat ekenligi menen túsindiriledi.

Joqarıda keltirilgenlerge tiykarlanıp, zorlıq - hayal-qızlarǵa fizikalıq, ruwxıy, jınısıy yaki ekonomikalıq tásir etiw yaki sonday tásir ótkeriw ilajların qollanıw menen qorqıtıw arqalı olardıń turmısı, salamatlıǵı, jınısıy qol qatılmaslıǵı, ar-namısı, qádir-qımbatı hám nızam menen qorǵalatuǵın basqa huqıqları hám erkinliklerine qáwip salıwshı huqıqsız háreket (háreketsizlik).

Ulıwma kóriniste shańaraqtaǵı zorlıqtı tómendegilerge ajıratıw múmkin: hayallarǵa qarata zorlıq; balalarǵa qarata zorlıq; tuwısqanlarǵa qarata zorlıq.

Shańaraqtaǵı jınayıy zorlıqtıń keltirilgen táriypleri bir shaxstıń ekinshi shaxsqa onıń densawlıǵına yamasa turmısına zıyan jetkeriw maqsetin gózlep, onıń ıqtıyarına qarsı qastan fizikalıq kúsh isletiwine kelip shıǵadı.

Joqarıda keltirilgenlerge qaraǵanda shańaraqta zorlıq etip islenetuǵın jınayatlar degende bolsa, zorlıq tek ǵana jınayattıń obyektiv tárepi usılı sıpatında emes, bálki motivtiń quramlı elementi sıpatında kórinetuǵın jınayatlar túsiniledi[9]. Olardıń qatarına qastan adam óltiriw, qastan sanına awır, ortasha awır jaraqat jetkeriw, namısqa tiyiw, jınısıy talaptı zorlıq islep tábiyiy emes usılda qanaatlandırıw sıyaqlı jınayatlar kiredi.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Пайзуллаев Қ.П. Зўрлик ишлатиб содир этиладиган жиноятлар. – Тошкент, 2009. – Б. 13.;
2. Наумов А.В. Уголовно-правовое значение насилия. / В кн. Насильственная преступность/ Под ред. Кудрявцева В.Н. и Наумов А.В. –М.: Бек, 1997.–С. 58;
3. Пайзуллаев Қ.П. Зўрлик ишлатиб содир этиладиган жиноятлар. –Т., 2009. –Б.18;
4. Сердюк Л.В. Насилие: криминологическое и уголовно-правовое исследование. - М., Юрлитинформ, 2002. - С.14.;

[8] Абзалова Х.М. Одам ўлдиришга қарши курашишнинг жиноят-ҳуқуқий ва криминологик жиҳатлари. Юридик фанлар доктори (Doctor of Science) диссертацияси автореферати. –Т., 2020. – Б.19.
[9] Пайзуллаев К.П. Зурлик ишлатиб содир этиладиган жиноятлар. Укув кулланма. -Т.: ТДЮИ, 2009. Б.14.

5. Ниёзова С.С. Шахсга карши зурлик ишлатиб содир этиладиган жиноятларнинг виктимологик назарияси: Монография. - Т.: ТДЮИ, 2011. - Б. 12.;
6. Жиноят ҳуқуқи. Махсус кисм: Дарслик. / Р.Кабулов, М.Рустамбаев, А.Отажонов ва бошкалар. / Масъул мухаррир: Ш.Икрамов. - Т.: Узбекистан Республикаси ИИВ Академияси, 2014. - Б. 50.;
7. Тугельбаева Б.Г. Проблемы предупреждения преступного насилия в отношении женщин: Монография. - Бишкек, 2003. - С. 19.;
8. Абзалова Х.М. Одам ўлдиришга қарши курашишнинг жиноят-ҳуқуқий ва криминологик жиҳатлари. Юридик фанлар доктори (Doctor of Science) диссертацияси автореферати. –Т., 2020. – Б.19.;
9. Пайзуллаев К.П. Зурлик ишлатиб содир этиладиган жиноятлар. Укув кулланма. -Т.: ТДЮИ, 2009. Б.14.